

## Ede Jèn Timoun Aprann De Lang

Depi lè yo fèt, anpil timoun nan Etazini aprann de lang anmenm tan – lang fanmiy yo ak Anglè. Tout bebe fèt ak potansyel pou pale de lang. Anpil paran pè pou si yo eleve yon timoun nan plis ke yon lang sa kapab konfonn li. Nan rechèch yo jwenn, sepandan, li bay timoun anpil avantaj lè yo eleve bileng. Timoun genyen yon konpreyansyon pli fon nan de kilti, genyen yon kapasite pou panes ki pli fò, e yo genyen yon pli gran sans jeneral nan lang. Bilten sa a diskite kòman paran kapab ede timoun kap aprann de lang devlope aptitud yo pou genyen siksè kòm etidyan e kòm lektè lè yo kòmanse lekòl.



### Toudabò, Annou Pale

Kòmanse pale lamenm! Pale an Panyòl! Pale an Anglè! Pale an Somalyen. Pale nan lang wou plis alèz landan an. Nan lè timoun nan fèt al nan laj twa zan, sèvo li grandi pli rapidman ke nan nenpòt lòt moman. Bagay ki pli enpòtan an paran yo kapab fè pou plis devlope sèvo timoun yo nan premye ane yo se sèlman pale avèk yo. Kèlkeswa lang paran an itilize pou l pale avèk timoun yo. Nan pale a

sèlman avèk timoun nan , paran yo fè yon diferans ki dire tout lavi.

Yon gwo etid dekouvri ke, vè laj twa zan, timoun paran yo pale avèk yo souvan, genyen yon vokabilè defwa pli gran ke timoun fanmiy yo pale avèk yo raman. Plis mo paran yo itilize lè yo pale avèk ti bebe yo e lepli souvan yo pale avèk yo, pli gran vokabilè timoun yo ap vini lè yo genyen twa zan. Pli gran vokabilè timoun nan ye nan laj twa zan, pli gran

vokabilè timoun nan ap ye nan 5yèm grad. Diferans sa yo dire pandan tout ane lekòl timoun nan.

Lè wou sèlman mete yon timoun nan devan yon televizyon, sa pa fè travay la. Timoun bezwen enteraksyon avèk lòt moun apwopo sa kap pase pou yo kapab konekte mo yo tande yo ak pwop eksperyans yo. *Enteraksyon sanzitiv avèk adilt yo fè plis pou devlopman sèvo pase nenpòt jwèt, TV oswa DVD.*

### Konsèy sou Pale ...

- **Pale sou evenman kotidyen.** Pale ede bebe avèk Jèn timoun konekte mo avèk eksperyans yo,
  - Nan abiye li, di non e dekri tou sa wap mete sou pitit wou-depi nan kouchèt, vès, pantaloon, soulye avèk chosèt, al nan koulè, bouton avèk zip.
  - Lè w nan otobis, nan otomobil oswa nan yon pwomnad, pale sou sa w wè, sa w santi. Li ansèy yo, endike sèten chif yo, lèt oswa koulè.
- **Li bon pou ak bebe.** Tou dabò itilize mo e touché li pou reponn ak kriye pitit wou. Depi pitit wou a kòmanse gazouye, kontinye reponn li avèk mo, jès, son. Timoun yo reponn yo vin genyen konfidans, e yo pran plezi nan langaj.
- **Pale nan vrè fraz.** Anplwaye gwo mo, tou, menmsi wou konnen pitit wou a pap konprann yo. Itilize mo ki pli senp pou ede piyit wou konprann. Lè pitit wou tande gwo mo, sa ede l grandi vokabilè li.
- **Rakonte Istwa.** Istwa entwodwi mo ki kapab pa monte nan lavi kotidyen.
- **Mande kesyon e fè konvèsasyon.** Lè pitit wou vin pli gran, mande yo pou rakonte w istwa, oswa pou repete yon istwa fanmiy nan. Ankouraje timoun jadendanfan pou pale wou de zanmi yo, eksperyans yo avèk ide yo.
- **Amize wou.** Fè pwezi, fè diksyon avèk lòt fòm jwèt avèk mo nan langaj kay la ap ede pitit wou aprann son.

## Li pou agrandi mond pitit wou

Lè wou bay pitit wou mo, wou ba yo lemond. Yonn nan pli bon fason pou elaji vokabilè yon timoun se nan liv. Timoun yo li pou yo depi lè yo fèt, kèlkeswa langaj la, genyen plis siksè nan aprann li. Sonje tout, kapasite bazik nan lekti timoun nan devlope nan yon langaj kapab transfere nan yon lòt langaj. Toutotan aptitud timoun nan pli fò nan langaj kay la, toutotan lap pli fò nan yon dezyèm langaj.

Premyè ane pitit wou yo pase vit, men enpak la rete lavidiran. Lè wou kreye yon environman kotidyen rich ak langaj atravè konvèsasyon, istwa, jwèt mo, rim, chanson, avèk lekti wou prepare pitit wou pou edikasyon li avèk siksè alavni. Donk, annavan, amize w-pale, li, souri, chante, e jwe avèk pitit wou. Pale avèk timoun yo, fè lekti pou yo e avèk yo se meyè preparasyon wou kapab ba yo pou kòmanse lekòl yo tou prepare e enpasyon pou yo aprann.

## Gid pou Lekti...

- **Kòmanse li lamenm lè pitit wou a nan anfans li.** Li chak jou. Li avèk ekspresyon e itilize diferan vwa. Pote liv pou w li nenpòt kote wou ale.
- **Wou pa li? Pa enkyete wou!** Wou pa oblije pou w li pou ede timoun yo aprann li e amize yo avèk liv. Pale sou imaj yo ak istwa yo rakonte. Mande pitit wou pou li montre w imaj yo ak pou l vire paj yo. Pale avèk pitit wou sou sa w wè nan paj yo.
- **Li avèk pitit wou.** Itilize plizyè fason pou pitit wou a patisipe nan aksyon an. Ankouraje timoun yo pou yo "li" oswa rakonte istwa a. Mande yo pou montre w yon imaj wou endike yo epwi mande yo pou di sal ye. Mande yo pou devine kisa ki vin aprè nan istwa a. Si w kapab, ede yo rekonèt lèt e konekte yo avèk son yo nou toulede fè.

## Pale avèk Li

### Fason yo Pwouve pou Ede Jèn Timoun Aprann De Lang

Bilten sa a mete aksan sou kèk nan metòd yo rechèch fèk montre ki fè yon gwo diferans pou jèn timoun kap grandi e aprann de lang an menm tan. Nan bilten sa a nou refere ak timoun sa yo kòm "elèv ak de lang". Li enpòtan pou paran avèk manm fanmi yo ki pa pale Anglè pou yo konprann premye konesans yo timoun yo devlope nan lang pa yo nan kay la ede timoun nan aprann ak konprann Anglè.



## Resous

**Prepare w pou w li!** Sit web sa a vize pou l ede paran ki pale panyòl yo devlope kapasite bazik timoun yo nan li ak ekri avèk aptitud yo pou aprann. Pou w konnen plis sou sa, ale nan [http://getreadytoread.org/index.php?option=com\\_content&task=view&id=98&Itemid=107](http://getreadytoread.org/index.php?option=com_content&task=view&id=98&Itemid=107)

**¡Colorín Colorado!** Sit elektronik bileng sa a bay paran ak fanmi enfòmasyon yo kapab itilize pou ede timoun yo vin bon lektè avèk etidyan ak siksè. Pou konnen plis sou sa, ale nan, <http://www.colorincolorado.org/families>

Non-Profit  
U.S. Postage  
PAID  
BOSTON, MA  
PERMIT NO.  
50539

Massachusetts PIRC  
Federation for Children with Special Needs  
1135 Tremont Street, Suite 420  
Boston, MA 02120

Parents' PLACE Bulletin is funded by the U.S. Department of Education, Office of Innovation and Improvement, Parent Information and Resource Center program, under Grant #84.310A. The views and opinions herein do not necessarily reflect those of the U.S. Department of Education. This Bulletin was written by Janet R. Vohs, Mass. PIRC staff. We encourage copying of this newsletter to distribute to parents and families. Permission is granted to reprint this newsletter in whole or in part. Please credit Parents' PLACE Bulletin, Massachusetts PIRC, Federation for Children with Special Needs, and contact us at [masspirc@fcsn.org](mailto:masspirc@fcsn.org) to indicate the number of copies disseminated. © Federation for Children with Special Needs, 0310.

Parents' PLACE Bulletin